





TABLO EKOUT KÒ A ANNANTYE




Liza ap koute 

ENTRETYEN SOU EKOUT


| NON |  |  |  |
|-----|---|--|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

EKOUT



WOU EMOSYON YO

Jodia, mwen santi m...



SENARYO KONFLI

1. Ou vle jwe yon jwèt men zanmi w lan vle jwe yon lòt. Kisa ou ka fè?

2. Elèv ki dèyè w nan lin nan ap plede pouse w. Kisa ou ka fè?

3. Yon moun antre devan w nan lin lan. Kisa ou ka fè?

4. Ou ap eseye rakonte manman w jounen lekòl la men ti frè w la oswa sè w la ap plede koupe w pandan w ap pale a. Kisa ou ka fè?

5. Yon moun ba w yon non sou lakou rekreyasyon an. Kisa ou ka fè?

6. Ou vle jwe yon jwèt men zanmi w lan vle jwe yon lòt. Kisa ou ka fè?

7. Elèv ki dèyè w nan lin nan ap plede pouse w. Kisa ou ka fè?

8. Yon moun antre devan w nan lin lan. Kisa ou ka fè?

CHWA POU REZOU D PWOBLÈM

Chwa 1: Ou ka fè yon bagay pou fè sitiyasyon an vin pi mal.

Egzanp Matthew ak Tilly:


Chwa 2: Ou ka inyore sitiyasyon an epi tann pou w wè sa k ap pase.

Egzanp Matthew ak Tilly:


Chwa 3: Ou ka fè yon bagay pou rann li meyè.

Egzanp Matthew ak Tilly:

TABLO ANKRAJ RESPÈ



RESPEKTE MOUN OSWA PA RESPEKTE MOUN?



FÒM RESPÈ POU BOKAL

Mwen
te WÈ... _____

Montre RESPÈ là w



Mwen
te WÈ... _____

Montre RESPÈ là w



Mwen
te WÈ... _____

Montre RESPÈ là w



Mwen
te WÈ... _____

Montre RESPÈ là w



MOVE CHWA



BON CHWA



DESIZYON JOEY

1. Tout elèv ki chita nan twa ranje ki dèyè Joey nan bis la ap fawouche Anita ki pot linèt. Y ap chante “kat zye, kat zye”; li te parèt fache. Joey deside di yo sipann ak sa epi l al chita bò kote Anita pou l remonte moral li.
2. Manman Joey fè chou Briksèl pou dine a ki se manje Joey plis pa renmen. Lè manman l p ap gade, Joey bay chen li an chou Briksèl la anba tab la.
3. Pandan Joey ap soti nan rekreyasyon li wè yon biyè senk dola atè a epi li pran l mete nan pòch li. Lè li retounen nan klas la, li tande yon kamarad di li pèdi kòb pou l manje a nan rekreyasyon an. Joey chita an silans epi li deside kenbe kòb la malgre li konnen pou kiyès li ye.
4. Joey defye kamarad klas li a Carmen pou l kòmanse yon batay ak manje yo pandan dejene a. Lè yo kenbe Carmen nan jete frit li yo, Joey deside di pwofesè li a li te enplike paske se li ki te bay Carmen defi pou li kòmanse.
5. Chak fwa paran Joey soti nan aswè, Joey di bebisitè li a, yo otorize l gade yon pwogram sou tele a, pandansetan papa l pa vle l gade l lè l la.
6. Joey di ti sè l la l ap jwe avè l vandredi aprè lekòl. Li te kontan pandan tout semèn lan. Men lè Joey rive lakay li vandredi, pi bon zanmi l lan envite l vin jwe yon nouvo jwèt videyo. Joey deside di zanmi l lan li pa kapab vini paske li pa vle deseewa ti sè a.
7. Pandan Joey ap jwe lakay grann li an, li kraze yon vaz pa aksidan. Joey lage chay la sou chat grann li an ki souvan renmen monte sou mèb yo.

BAGAY MWEN PI RENMEN AN

Chak fwa mwen santi m deprime mpanse ak...

#1 Bagay Mwen Pi Renmen an

#2 Bagay Mwen Pi Renmen an

#3 Bagay Mwen Pi Renmen an

#4 Bagay Mwen Pi Renmen an

...pou remonte moral mwen!

SENARYO NEGATIF

1. Tout zanmi m yo pa nan vil la epi mwen pa gen okenn moun pou m jwe.
2. Janm mwen kase epi mwen oblije mete yon plak nan pye m pou sis semèn.
3. Mwen pa fè yon bon nòt nan tèks lekti mwen an.
4. Se fèt frè mwen an epi li vle al gade yon fim mwen pa anvi al gade.
5. Ekip mwen an pèdi match lan nan tounwa a.
6. Mwen pa vle manje legim.

SIGAL LA AK FOUMI AN: YON FAB AESOP

Nan yon chan, yon jou ete, yon Sigal t ap sote ponpe epi chante jan l vle. Yon founi t ap pase, pandan l ap redi ak yon zepi mayi pou l pote l nan nich li.

Sigal la di “Poukisa ou pa vin bay blag ansanm avè m” “olye w ap redi epi travay di konsa?”

Founi an di “Mwen ap sanble manje pou sezon ivè a” “epi mwen rekòmande w pou w fè menm bagay la”.

Sigal la di “Poukisa w ap tiye tèt ou pou sezon ivè a”. “Nou plen manje kounya.” Men Founi an kontinye sou chimen l zepi l kontinye ap fè travay li.


Lè sezon ivè a rive, Sigal la pa t gen manje epi li t ap mouri ak grangou—pandan li t ap gade founi yo k ap distribye mayi ak sereyal yo te ranmase mete nan rezèv yo chak jou pandan sezon ete a. Lè sa Sigal la te vinn rann li kont li preferab pou fè preparasyon pou jou k ap gen nesesite yo.



RESPONSABILITE ELÈV YO



POSTÈ RESPONSA BILTE AK KONSEKANS

| Aksyon Responsab | Konsekans/Pwoblèm |
|---|--|
|  |  |
|  |  |
|  |  |
|  |  |

DEKOUPE LI AK MEN W

